

**IJAMBO RISHIKIRIJWE N'UMUKURU W'INAMA
NKENGUZAMATEKA, NYENITEKA EMMANUEL
SINZOHAGERA, MU GUSOZERA IBIKORWA VY'INYIGISHO
KU NDONGOZI KU BIJANYE NO KWIRINDA AMATATI
AJANYE N'AMATORA HAMWE NO KUBUMBATIRA AMAHORO
N'UMUTEKANO**

Gitega, Sunrise Hotel, ku wa 11 Ruhuhuma 2025

Bubahwa Mwese, Umwe wese mw'Iteka n'Icubahiro Imana
yamuhaye;

***Tugire amahoro! Tugire amahoro, ubumwe, iterambere
n'ubutungane kuri bose!***

1. Mudukundire dusubire dushimire Imana yabanye natwe muri bino bikorwa, Imana yamye ibana n'Uburundi mu bihe vyose turayihaye icubahiro.
2. Mudukundire kandi dukengurukire abigisha bahejeje kudasangiza izi nyigisho nkoramutima, ziduhamagarira kubumbatira amahoro no kwirinda amatati mu gihe c'amatora.

Bubahwa mwese,

3. Nk'uko twabivuze mu kwugurura, intumbero yatumye Inama Nkenguzamateka itegura kino gikorwa kwari ukugira twibukanye ko duhamagariwe kubumbatira amahoro **n'umutekano** kuko ariyo azotuma igihugu cacu gitera imbere aho kwama dusubira mw'ihumbi na cane cane iyo hageze mu gihe c'amatora.

4. Mu vyo batwigishije batubwiye ingene amatati yaduka na cane cane mu gihe c'amatora n'ingene twogerageza kuyatorera umuti nk'abahinga ariko mu vy'ukuri amatati ari mu mutima w'umuntu aragoye gutorera umuti; vyumvikana ko amahoro nyakuri ari ayo umuntu wese agendana mu mutima wiwe kuko iyo atayafise aca ayabuza n'abandi. Aha rero nk'indongozi twokwibaza ko vy'ukuri umwe wese afise ayo mahoro yo mu mutima kugira twizere ko tuzobandanya tuyasasagaza no mu gihe c'amatora kuko umuntu atanga ico afise.

5. Mu cirwa badushikirije kijanye n'ibisikanya ryiza, mwiyumviye ingene indongozi nziza ihimbarwa ironse uwuyisubirira mwiza. Ariko tuvuganye ukuri amatati yagiye araduka mu gihugu cacu kubera ko hari bamwe bashaka kuja ku butegetsu ku nguvu abandi bakarondera kuguma ku butegetsu

bagerageje gukumira abandi. Munkundire mbaze abari ngaha muzokwitoza, mbega nibatagutora uzoca wifata gute? Mbega wewe usanzwe waratewe iteka ugashingwa amabanga kanaka uriteguriye gushikiriza ayo mabanga mu bugwaneza? Umwe wese yiyishure ico kibazo kuko umwe wese ariyizi.

6. Ikibabaje abenshi mu ndongozi turiraba, tukikwegerako, ntiturabe inyungu z'igihugu. Ni co gituma n'iyi hageze ko tubuvako hari bamwe bemera kugenda basahuye itunga rusangi kubera kwikunda abandi bakarondera n'ingene bokwica abo bibazako bobasubirira nk'uko Sawuli yarondeye kw'ica Dawidi nk'uko ijambo ry'Imana ribivuga.

Turizeye ko inyuma y'izi nyigisho, abatari bake mugiyeye kwiha intumbero yo kuzosiga igikorwa murongoye kimeze neza kandi kikazoshishikara kumera neza mwebwe mutakihari. Mwumvise ko twese tugendana ubwibone muri twebwe, turabasavye ngo ntimuze mwemere ko ubwibone busambura ivyo mwubatse ahubwo mureke abandi baze bavyubakireko.

Bubahwa mwese,

7. Mudukundire imbere yo kurangiza bino bikorwa dusubire dushimikire cane kuri izi mpanuro nk'abaserukira Abenegihugu, kugira ngo amatora y'imiriye mu Burundi azobe mu mahoro n'umutekano ntangere:

- **Ku ndongozi z'umurwi CENI**, tubasavye ngo mugume mushira imbere ingendo mwatanguye yo gutegura amatora meza, adakumira, ashira imbere uburenganzira bwa buri muntu wese, nkuko mwabigaragaje mw'itunganywa ry'igikorwa c'iyandikwa.

- **Ku bazoba bariko bariyamamaza na cane cane abanyamigambwe**, turabasavye dushimitse ko mwoja mu benegihugu kurondera amajwi muvuga imigabo n'imigambi muzokorera Abarundi mutavanguye. Muze mwirinde gutyozza no gutuka abo mudasangiye imigambwe, idini n'uturere.

- **Ku rwaruka rwo Burundi bw'uyu musu n'ejo**, tubibutse ko muhamagariwe gukomeza ubumwe n'umuvukano mu butandukane bwanyu; muze mwirinde ababasamaza, muje kure y'agasomborotso n'amajambo y'uruhendo abanyepolitike bazobazanira yobatera ukwinubana ngo mucanemwo.

- **Ku bajewe intwari n'ubutungane**, muze mushire imbere ineza ya bose mu gutunganiriza ababituye, at'akamwana wa mama na mpinga yanje, muze mwirinde guca izangondagonde. Muze mwame muzirikana ko Uburundi ari impetso ya twese.

- **Ku ndongozi z'amashengero n'amadini,** mwame mwibuka gusengera mu rukundo igihugu n'abaganza ataguhengama kuko ayo masengesho yohava aba igisesema ku Mana. Tubahamagariye kandi gutoza indero abo murongoye ijanye n'inyifato nziza mu gihe c'amatora no kutaba ba sindabibazwa mu bijanye n'iterambere ry'igihu.

- **Abamenyeshamakuru n'amashirahamwe adaharanira ivyicaró vya poritike(société civile),** tubasavye kwirinda inkuru zicanishamwo abarundi kuko mu gihe c'amatora uruhara rwanyu ari ntangere.

8. Mu kurangiza, mudukundire dusubire tubakengurukire ingene mwitavye ubutumire twabahaye. Tuboneyeho no gusaba abagiye kuzokwizigirwa n'abenegihugu bakabatora ngo bazobe indongozi nziza zizobatunganiriza neza. Ku basanzwe muri mu mabanga, ntimugire ubwoba bwo kuva muri ivyo bibanza murimwo ahubwo ni muvuyitegurire hakiri kare, mugire intumbero yo kuzosiga ibikorwa murongoye bimeze neza kandi bikazoshishikara kumera neza mutakihari. Turongeye kubisubiramwo, ntimuze mwemerere ubwibone ko busambura ivyo mwubatse muri iyo myaka yose mumaze mu burongozi.

9. Turashimiye caane kandi Ishirahamwe ICM ingene ryashigikiye bino bikorwa. Turabateye intege kubandanya zino nyigisho no ku yindi mice y'igihugu kuko uwutosora ifuku yamiza agati mu jisho.

Tubipfuriye mwese urugendo rwiza mu gusubira aho mwaje muva kandi turipfuriye Abarundi bose kuzogira amatora meza. Ni no kuri ayo majambo dusozereye icese ibikorwa vy'uno musu.

Murakoze, Imana ibahezagire!